Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan tissooli day teg loxoom -walla yéereem- ci gémmeñam, daal di suufeel -walla mu téye- ci kàdoom

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan tissooli day teg loxoom -walla yéereem- ci gémmeñam, daal di suufeel -walla mu téye- ci kàdoom.

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko, At-tirmisiy, ak Ahmat]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan tissooli: Li ci njëkk: day teg loxoom, walla yeéreem ci gémmeñam; ngir dara bañ a génn ci gémmeñam walla bakkanam luy lor ñi mu toogal. Ñaareel bi: day suufeel kàddoom te du ko yëkkati.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3317